

Eta New York – Komisyon Konpansasyon Travayè
Enstriksyon pou Ranpli Fòm C-2F
"Premye Rapò Chòk/Maladi ki Asosye avèk Travay"

Antre non anplwaye ki pran chòk la anlè rapò. Mete Dat Anplwaye a pran Chòk/Maladi a, dapre tout sa ou konnen. Si ou pa gen oswa pa konnen Nimewo Dosye Komisyon Konpansasyon Travayè ou oswa Nimewo Reklamasyon Administratè Reklamasyon, tanpri kite espas ki koresponn ak li a vid. Li pa obligatwa pou travay sou fòm sa a.

Enfòmasyon sou Konpayi Asirans / Administratè Reklamasyon:

- **Non Konpayi Asirans** – non Konpayi Asirans Konpansasyon Travayè oswa non Gwoup Ki Gen Asirans Pa yo.
- **ID Konpayi Asirans** – Nimewo Kòd Konpayi Asirans (Nimewo **W**) Komisyon Konpansasyon Travayè bay. Si ou pa konnen nimewo **W**, kontakte konpayi asirans ou.
- **Non** – non Administratè Reklamasyon an (biwo ajisteman reklamasyon ki travay sou reklamasyon an).
- **Enfòmasyon/Atansyon** – nenpòt lòt enfòmasyon enpòtan pou pran kontak pou Administratè Reklamasyon an.
- **Adrès, Vil, Eta, Kòd Postal, ak Peyi** – adrès administratè reklamasyon yo, si ou konnen li.
- **ID Administratè Reklamasyon** – Nimewo Kòd Konpayi Asirans (Nimewo **W**) oswa Nimewo Administratè Endepandan (Nimewo **T**) Komisyon Konpansasyon Travayè bay. Si ou pa konnen Nimewo Administratè Endepandan an (Nimewo **T**), kontakte Administratè Reklamasyon ou.

Enfòmasyon sou Anplwaye a:

- **Prenon, Inisyal Dezyèm Prenon, Non Fanmi, Sifiks** – non legal konplè anplwaye ki pran chòk la.
- **Adrès Postal, Vil, Eta, Kòd Postal, ak Peyi** – adrès anplwaye ki pran chòk la okonplè.
- **Nimewo Telefòn** – nimewo telefòn anplwaye a ansanm avèk kòd rejyonal la.
- **Dat Anbochaj** – dat yo te anboche anplwaye a.
- **Dat Nesans** – dat nesans anplwaye a
- **Sèks** – chwazi sèks ki apwopriye a.
- **SSN Anplwaye a** – Nimewo Sekirite Sosyal (Social Security Number, SSN) anplwaye a.
- **Deskripsyon Travay** – idantifye travay prensipal anplwaye a nan moman aksidan an

Enfòmasyon sou Reklamasyon an:

- **Moman Chòk la** – moman lè anplwaye a te pran chòk la/maladi a.
- **Dat Patwon an te Vin Okouran Chòk la** – Dat patwon an te vin okouran chòk la/maladi a.
- **Kondisyon Travay** – kondisyon travay ki anvigè pou anplwaye a (sètadi, atanplen, atan-pasyèl, sezonnye, volontè, elatriye).
- **Dat Patwon an Te Vin Okouran Dat Andikap la** – Dat patwon an te resevwa avi oswa te vin okouran andikap/enkapasite ki asosye avèk travay anplwaye a.
- **Salè Estime pa Semèn** – antre salè mwayen anplwaye a pa semèn anvan taks anvan li te pran chòk la/maladi a.
- **Kantite Jou Li Te Travay Pa Semèn** – antre kantite jou travay ki pwograme regilyèman pa semèn (1-7).
- **Kalite Semèn Travay** – Tcheke ki kalite semèn travay moun ki fè reklamasyon t ap travay nan moman chòk la. Nòmval (5 Jou, ki pwograme lendi jiska vandredi), Fiks (Jou fiks semèn nan li te travay men pa pwograme 5 Jou, lendi jiska vandredi), oswa Varye (Anplwaye a pa t gen orè semèn travay fiks espesyal).
- **Jou Travay ki Pwograme** – Tcheke ki jou semèn nan ki koresponn avèk orè travay moun ki fè reklamasyon an nan moman li te pran chòk la. Si ou chwazi Kalite Semèn Travay "Semèn Travay Varye", ou ka kite espas sa a vid.

Chòk Anplwaye a:

- **Tout Salè Anplwaye a Touche pou Dat Chòk la** – chwazi *Wi* oswa *Non*.
- **Patwon an Te Peye Salè Alaplas Konpansasyon** – chwazi *Wi* oswa *Non* pou endike si anplwaye te kontinye resevwa peman an apre maladi a/chòk la, tankou konje maladi oswa peman pou andikap.
- **Premye Tretman** – chwazi kalite premye tretman an.
- **Lanmò Akòz Chòk la** – chwazi *Wi*, *Non* oswa *Pa Konnen* pou endike si chòk la/maladi a te lakòz lanmò.
- **Dat Lanmò a** – endike dat lanmò a, si genyen.
- **Kantite Depandan** – kantite depandan, *si ou konnen (pou ka lanmò sèlman)*.
- **Kalite Chòk yo** - endike kalite chòk la (sètadi Blesi, Brili, Frakti, Fouli, elatriye).
- **Pati Kò a** – endike pati kò ki te pran chòk la (sètadi bra goch, pye dwat, tèt, anpil pati, elatriye).
- **Kòz Chòk la** – endike kisa ki te lakòz chòk la (sètadi Veyikil-a-Motè, Fouli oswa Chòk nan leve bagay lou, elatriye).
- **Deskripsyon Aksidan an/Chòk la** – dekri kijan aksidan an te fè ak chòk li te lakòz yo.

Kondisyon Travay:

- **Premye Dat Dènye Jou Travay** – dènye jou li te travay anvan li te pèdi lè travay li.
- **Retounen nan Kalite Travay** – chwazi *Vrè* pou anplwaye ki retounen toutbon nan travay li, oswa chwazi *Egzeyate* pou anplwaye yo te egzeyate pou travay men li pa t fè sa.
- **Premye Dat Andikap la Te Kòmanse** – premye jou andikap la (lè ki pèdi) apre egzijans peryòd 7 jou pou tann nan te satisfè. Si anplwaye a se te yon Travayè Volontè Anbilans oswa Ponpye Volontè pa gen peryòd 7 jou pou tann.
- **Restriksyon Fizik** – chwazi *Wi* si anplwaye a te retounen travay avèk restriksyon; chwazi *Non* si anplwaye a te retounen travay san restriksyon.
- **Premye Dat Retou nan Travay** – si anplwaye te retounen travay, endike premye dat retou li nan travay la.
- **Retounen Travay avèk Menm Patwon an** – chwazi *Wi* oswa *Non*.

Kote Aksidan an te Fèt ak Temwen yo:

- **Lokal** – chwazi kote apwopriye kote anplwaye a te pran chòk la. *Patwon*-aksidan an te fèt nan lokal patwon an; *Lokatè*-aksidan an te fèt nan lokal lokatè patwon an te anboche pou travay; oswa *Lòt*-aksidan an te fèt nan yon kote ki pa lokal patwon an kote yo te anboche anplwaye a pou travay. Chwazi *Patwon*, si anplwaye a se yon manm nan yon Sèvis Anbilans Volontè oswa nan yon Depatman Ponpye Volontè epi li te pran chòk pandan li t ap travay pou sèvis/depatman li. Chwazi *Lòt*, si anplwaye a te pran chòk pandan li t ap travay nan yon konpetans ofisyèl pou yon Sèvis Anbilans Volontè oswa Depatman Ponpye Volontè ki pa kote li se te yon manm.
- **Non Òganizasyon** – non òganizasyon kote anplwaye a te pran chòk la/maladi a.
- **Ri, Vil, Eta, Kòd Postal, Konte, ak Peyi** – adrès kote anplwaye a te pran chòk la/maladi a.
- **Rapò Kote a** – bay nenpòt lòt deskripsyon kote a (sètadi Blding C, 4yèm Etaj nan Sal 101).
- **Nimewo Telefòn Temwen ak Biznis** – endike non ak nimewo telefòn biznis nenpòt temwen nan chòk la/maladi a.

Enfòmasyon sou Travay:

- **Non** – non konpayi oswa non pwopriyete a ak non DBA. Si anplwaye a te yon manm nan yon Sèvis Anbilans Volontè oswa Depatman Ponpye Volontè, ou ta dwe antre non sou-divizyon politik la.
- **FEIN Patwon an** – Nimewo Idantifikasyon Federal Patwon an (Federal Employer Identification Number, FEIN). Sa a se nimewo ID Taks Federal ou. Si ou pa gen yon FEIN, antre Nimewo Sekirite Sosyal ou. Si anplwaye a te yon manm nan yon Sèvis Anbilans Volontè oswa Depatman Ponpye Volontè, ou ta dwe antre FEIN sou-divizyon politik la.
- **Nimewo UI** – antre premye 7 chif Nimewo Anrejistremant (Registration Number, UIER) Asirans pou Chomaj New York (New York Unemployment Insurance, NY UI) ou. Sa a se nimewo ki sèvi pou rapòte ba Depatman Travay (Department of Labor).
- **Kòd Klasman Manyèl** – kòd klasman manyèl Komisyon Klasman Asirans Konpansasyon New York (New York Compensation Insurance Rating Board, NYCIRB), si ou konnen li. Ou kapab jwenn sa nan kontra asirans konpansasyon travayè ou.
- **Kòd Endistri** – Klasman Endistri Ameriken Nò (North American Industry Classification System, NAICS). Si ou pa konnen NAICS ou, tanpri dekri kalite biznis lan avèk tout presizyon ki posib (pa egzanp, Restoran, Konstriksyon, Detay).
- **Enfòmasyon/Atansyon** – endike nenpòt lòt enfòmasyon enpòtan pou pran kontak pou patwon an.
- **Adrès Postal, Vil, Eta, Kòd Postal, ak Peyi** – adrès postal patwon an kote ou resevwa kourye (tankou yon biwo santral). Mete Bwat Postal. Bwat yo.
- **Adrès Postal, Vil, Eta, Kòd Postal, ak Peyi** – adrès fizik patwon an (si li diferan).
- **Non Sipèvizè a ak Nimewo Telefòn Sipèvizè Biznis lan** – endike non ak nimewo telefòn pou sipèvizè dirèk anplwaye a, ansanm avèk kòd rejyonal la.

Enfòmasyon sou Moun ki Asire a:

- **Non Moun ki Asire a** – non enstitisyon ki asire a. Si anplwaye a te yon manm nan yon Sèvis Anbilans Volontè oswa Depatman Ponpye Volontè, ou ta dwe antre non sèvis anbilans lan oswa non depatman ponpye a.
- **FEIN Moun ki Asire a** – Nimewo Idantifikasyon Federal (FEIN) Moun ki Asire a. Sa a se nimewo ID Taks Federal ou. Si ou pa gen yon FEIN, antre Nimewo Sekirite Sosyal ou. Si moun ki asire a se yon manm nan yon Sèvis Anbilans Volontè oswa Depatman Ponpye Volontè, ou ta dwe antre FEIN sèvis anbilans lan oswa depatman ponpye a.
- **ID Lokal Moun ki Asire a** – endike ID Lokal Moun ki Asire a, si genyen (sètadi, Magazen 202, Espas Travay 51, elatriye).
- **Kalite Moun ki Asire a** – chwazi aranjman asirans lan: *Moun ki Asire a*, *Moun ki Gen Asirans Pa Li*, oswa *Moun ki Pa Asire*.
- **ID Nimewo Kontra a** – Nimewo Kontra Asirans Konpansasyon Travayè.
- **Dat Kòmansman ak Dat Ekspirasyon Kontra Asirans lan** – dat kontra asirans lan kòmanse ak ekspire.